

Jounen Aksyon pou Pwoteksyon Klima

Pandan kat jou sa yo, chak lekòl nan
Vil Nouyòk pral pran aksyon pou bati yon pi
bon avni pou elèv nou yo ak planèt nou an.

Kisa aksyon pou pwoteje klima a ye?

Nenpòt aktivite ki fèt pou abòde pwoblèm klima a k ap chanje
a kapab aksyon pou pwoteje klima a. Pifò aksyon pou pwoteje
klima a tonbe nan de gwoup:

Diminasyon

Diminye polisyon ki fèt akòz gaz ki gen
efè tèmik (greenhouse gases, GHG) ki
kenbe chalè a.

Adaptasyon

Adapte avèk danje klima a, tankou lè li
fè cho anpil oswa lè gen tanpèt.

Chak jou baze sou yon tèm epi lekòl yo pral planifye aktivite ki
sèvi elèv yo pi byen. Y ap ka anseye elèv fason ki amizan pou gen
yon enpak pozitif oswa selebre fason yo deja pran aksyon.

Lè pwofesè, estaf, ak elèv travay ansanm, **nou ka fè yon diferans!**

Jwenn plis enfòmasyon sou jounen aksyon pou pwoteje klima a:

on.nyc.gov/ClimateActionDays



Eric Adams
Mayor

David C. Banks
Chancellor

T-37430 (Haitian Creole)

schools.nyc.gov



/nycschools

